



Pou Piblikasyon Imedya: 30/01/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 22 MILYON DOLA TE BAY NAN FAZ XII
INISYATIV KONSÈY DEVLOPMAN EKONOMIK REJYONAL LA**

Dezyèm lo prim ki apwouve yo gen ladan 21 pwojè ki pare pou demare

Nou kapab jwenn lis konplè gayan jiskaprezan yo [isit la](#)

Jodi a Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo te bay plis pase 22 milyon dola pou sipòte 21 pwojè nan Eta New York atravè inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Council, REDC) la. Faz XII la te gen ladan sibvansyon kapital debaz ak finansman kredi enpo ki soti nan Empire State Development ke yo te mete disponib sou yon baz kontinyèl ak konpetitif pou sipòte bezwen imedyat kominote yo. Finansman an pral sipòte pwojè ki gen enpak yo ki an akò ak objektif estratejik chak rejyon.

"Ansanm, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo ap grandi ekonomi New York la lè yo mete aksan sou byen rich yo nan chak kwen eta nou an epi yo investi nan pwojè ki pral kreye bon jan kalite djòb", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap kontinye fè envèstisman pwofon nan kominote New York yo, nou rete angaje pou fè sa nan yon fason ki elaji opòtinite, ki ankouraje investisman prive, ak ranfòse mendèv talan nou an."

"Lè yo rekòmande pwojè ki pare pou kòmanse ki sipòte plan estratejik chak rejyon yo, Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo ap amelyore kominote yo kounye a ak pou jenerasyon kap vini yo", **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Pwojè sa yo montre kouman Konsèy Rejyonal yo konsantre sou estimile kwasans ekonomik ak pwosperite atravè Eta a."

Aplikasyon pou fon Sibvansyon ESD yo rete ouvri, epi aplikasyon yo ap revize sou yon baz kontinyèl jiskaske lajan an fini. Aplikan yo ki gen pwojè solid, pare pou demare ki aliye avèk priyorite devlopman ekonomik eta ak rejyon an kapab aplike atravè [Aplikasyon pou Finansman Konsolide](#).

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Konsèy Rejyonal yo kontinye rete yon vwa enpòtan pou kominote yo atravè eta a lè yo rekòmande pwojè ki pral fè ekonomi nou an avanse pou

pi devan. Prim sa yo pral transfòme davantaj ekonomi lokal yo atravè eta a lè yo kreye bon travay ak jenere nouvo investisman."

Chak Konsèy Rejyonal te rekòmande dezyèm faz pwojè sa yo akòz preparasyon pwojè yo ak aliyman avèk chak plan estratejik rejyon an. Gran pwen yo enkli:

- **Owens-Brockway Glass Container, Inc. (New York Santral) - Sibvansyon 2.8 milyon dola ESD, Kredi Enpo Excelsior 1 milyon dola pou kreyasyon travay:** Owens-Brockway Glass Container se yon fabrikan veso vè, pral amelyore etablisman li an nan Vil Sennett, Konte Cayuga. Mizajou an pral amelyore rantabilite izin lan lè li rekonstwi ak refè konsepsyon yon fou fabrikasyon vè ki aje, lè li konvèti li an yon nouvo fou ki pi dirab, k ap diminye emisyon CO2 ak amelyore efikasite enèji.
- **Diamond Packaging Holdings, LLC - (Finger Lakes) Sibvansyon 500 000 milyon dola ESD, Kredi Enpo Excelsior 1 dola pou kreyasyon travay:** Diamond Packaging, yon konsepsyonè ak fabrikan katon pliyant inovan ak dirab, pral investi nan nouvo ekipman ak renovasyon enstalasyon yo. Konpayi an pral achte yon nouvo près pou enpresyon, yon laminwa ak yon nouvo dekoupez pou plis amelyore etablisman yo nan Rochester.
- **eVero Corporation (Long Island) - Kredi Enpo Excelsior 550 000 dola pou kreyasyon travay:** eVero, yon devlopè lojisyèl swen sante ki baze nan Melville, kreye lojisyèl ki santre sou swen otònòm. Konpayi an pral fè investisman nan yon ekspansyon ak acha nouvo ekipman.
- **Westchester County Health Care Corporation - Laboratwa Enjenyeri pou Tisi ak Seli WMCHHealth (Rejyon Mid-Hudson) - sibvansyon 700,000 dola ESD:** Sant Medikal Westchester (Westchester Medical Center, WMC) loje Laboratwa Enjenyeri pou Tisi ak Seli (Cellular and Tissue Engineering Laboratory, CTCL) la. CTCL la se yon etablisman fabrikasyon ak tretman selil modèn, inik laboratwa enjenyeri pou selil ak tisi nan Hudson Valley a. WMC pral konplete faz II konstriksyon an ki gen ladann yon ogmantasyon Etablisman Terapi Selilè Eksperimantal (Experimental Cell Therapy Facility, ECTF). Etablisman an pral avanse ekosfè syans lavi New York la atravè rechèch ak aplikasyon klinik terapi selilè translyasyonèl yo.
- **MHXCO Foam Company, LLC (Mohawk Valley) - Sibvansyon 500,000 dola ESD:** MHXCO Foam Company, yon fabrikan pwodwi an mous, planifye pou l achte yon mous a Feso Elektwon oto-pwoteje (atravè lyezon (ki se dezyèm etap sou twa etap nan fabrikasyon mous la) pou ogmante efikasite fabrikasyon an ak kopetitivite mondyal. Investisman sa a pral kenbe tout pwosesis pwodiksyon an alanteryè, anba twati li a sou Edson Street epi pèmèt konpayi an vin konplètman entegre vètikalman.
- **City Innovations Collaborative - Etablisman Enkibatè Life Science - (Vil New York) - Sibvansyon 4.5 milyon dola ESD:** City Innovations Collaborative (CInC) se yon nouvo motè inovasyon rejyonal ki kreye pa City College of New York pou simen, kiltive, ak soutni yon ekosistèm syans lavi rejyonal k ap pwospere pou kominote Vil New York li a ki pa reprezante ase a. CInC pral yon lokatè prensipal

nan nouvo Building Laboratwa Taystee a ki adjasan ak kanpis City College la nan West Harlem epi li pral sipòte efò komèsyalizasyon pou plizyè nouvo antrepriz konjwentman.

- **Turin Highland Lodge (North Country) - Sibvansyon 120,000 dola ESD:** Turin Highland Lodge pral yon otèl ki fèk konstwi ki gen sis chanm ki pral sipòte opòtinite lwazi a motè epi san motè pandan sezon ivè ak ete nan rejyon Tug Hill la.
- **Storflex Holdings, Inc. (Southern Tier) - Sibvansyon 2.2 milyon dola ESD, Kredi Enpo Excelsior 950,000 dola pou kreyasyon travay:** Storflex, yon fabrikasyon etajè pou vant an detay, planifye pou konplete yon pwojè ekspansyon nan de sit nan Vil Erwin ak Vilaj Riverside, tou de sitiye nan Konte Steuben. Pwojè ekspansyon biznis lan pral sipòte fabrikasyon an plizyè etap konpozan etajè pou vant an detay konseptè a, chanm fwad ak frizè, ak sèvis enjenyeri pou alimante kliyan yo atravè Amerik Dinò ak Kanada. Storflex pral ajoute nouvo liy pwodiksyon, ki gen ladan yon nouvo liy soudi wobotize ak yon nouvo liy penti.

Pwosesis REDC la kontinye sipòte ak otorize moun ki gen enterè rejyonal yo nan devlope plan estratejik ak priyorite finansman yo ki satisfè bezwen ekonomik lokal yo. Jiska prezan, atravè Inisyativ REDC la, yo te akòde plis pase 7.7 milya dola bay plis pase 9.500 pwojè ki kreye djòb ak pwojè devlopman kominotè ki an akò ak plan estratejik chak rejyon an yo.

Enfòmasyon sou Demann Finansman Konsolide

Yo te kreye Demann Finansman Konsolide a pou senplifye ak akselere pwosesis demann sibvansyon an. Pwosesis CFA a make yon chanjman fondamantal nan fason yo distribiye resous eta yo, pou garanti mwens biwokrasi ak plis efikasite pou satisfè bezwen devlopman ekonomik lokal yo. CFA a sèvi kòm sèl pwen dantre pou jwenn aksè a finansman devlopman ekonomik yo, sa k ap garanti aplikan yo p ap gen pou pèdi tan ant plizyè ajans ak sous san okenn mekanis pou kowòdinasyon. Kounye a, pwojè devlopman ekonomik yo itilize CFA kòm yon mekanis sipò pou jwenn aksè a plizyè sous finansman eta yo atravè yon sèl aplikasyon, sa k ap rann pwosesis la pi rapid, pi fasil, ak pi pwodiktif. Ou kapab enfòme plis sou CFA a [isit la a](#).

Konsènan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal yo

Inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal se yon eleman enpòtan nan apwòch Eta a sou investisman ak devlopman ekonomik Eta a. An 2011, 10 Konsèy Rejyonal te kreye pou devlope plan estratejik alontèm pou favorize kwasans ekonomik pou rejyon yo. Konsèy yo se patenarya piblik-prive ki fòme avèk ekspè lokal ak pati prenan nan biznis, inivèsite, gouvènman lokal ak òganizasyon nongouvènmantral yo. Konsèy Rejyonal yo te redefini fason New York envesti nan djòb ak kwasans ekonomik lè yo mete anplas yon apwòch asandant, ki baze sou kominote, epi kreye yon pwosesis kompetitif pou yo jwenn aksè resous Eta a yo. W ap jwenn plis enfòmasyon nan regionalcouncils.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418